

**PANGARUH MODÉL PROJECT BASED LEARNING KANA  
MOTIVASI DIAJAR DINA PANGAJARAN  
IPAS DI SAKOLA DASAR**

**Ku  
INNE SULASTRI  
215060007**

**ABSTRAK**

Panalungtikan ieu dilalantarankeun ku handapna motivasi diajar peserta didik. Tujuan panalungtikan ieu pikeun mikanyaho pangaruh modél *Project Based Learning* kana motivasi diajar peserta didik dina pangajaran Élmu Pangaweruh Alam jeung Sosial (IPAS). Panalungtikan ieu ngagunakeun pangdeukeutan kuantitatif kalayan métode ékspérимén jinis kuasi ékspérимén kalayan tipe *nonequivalent control group design*. Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké nyaéta observasi, kuisionér/angkét, sarta dianalisis ku uji analisis deskriptif, uji validitas, uji reliabilitas, uji normalitas, sareng uji *effect size* ngagunakeun SPSS vérsi 25. Hasil panalungtikan nuduhkeun yén aya béda kana motivasi diajar peserta didik kelas III SD Negeri Belendung IV. Dumasar hasil uji *independent test* kalayan nilai sig. (2-tailed) nyaéta  $0,000 < 0,05$ , bisa dicindekkeun yén H<sub>0</sub> ditolak sarta H<sub>1</sub> ditarima. Saterasna, ngaronjatna motivasi diajar peserta didik diukur ku Uji-Gain. Hasilna, kelas ékspérимén ngahontal 37,8443 kalayan katégori sedeng, sedengkeun kelas kontrol ngahontal 27,8860 kalayan katégori handap. Pangaruh tina ngagunakeun modél *project based learning* bisa ditingali tina hasil uji *effect size* 2,1 kalayan interprétasi pohara gedé. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén modél *project based learning* aya pangaruhna kana motivasi diajar dina pangajaran IPAS di SD Negeri Belendung IV Kabupatén Karawang.

Kata Kunci: Modél *Project Based Learning* (PjBL), Motivasi Diajar, Peserta didik